

Kat Debi Visa® Florida w la

Se Wells Fargo Bank, N.A. ki founi Kat Debi Florida a annakòdans avèk yon lisans nan men Visa U.S.A. Inc.

Sèvis Konsomatè Disponib pou Ou

- Tcheke balans ou
- Chwazi oswa chanje Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl ou (PIN)
- Revize istwa tranzaksyon
- Mande kesyon sou kòman pou itilize kat la
- Dispite yon tranzaksyon
- Rapòte pèt oswa vòl kat yo
- Sètòp notifikasyon depo pa telefòn

www.EPPICard.com

Aksè san limit atravè yon sitwèb ki seki. Gade balans kont ou ak istwa tranzaksyon w yo sou entènèt la.

Itilize sitwèb la pou tcheke balans ou. Pa pèdi tan epi jwi konvinyans itilizasyon sitwèb la pou tcheke balans ou, valide tranzaksyon ki afiche sou kont ou, epi kenbe kont sou acha w yo. Si ou pa genyen yon 1dinatè lakay ou, pa bliye Yon-Estòp Sant Karyè oswa bibliyotèk lokal ou an byen ekipe epi pare pou ede w.

**Rele 1-888-898-3584 (Liy Gratis)
24 Èdtan pa Jou/7 Jou pa Semèn
Senk apèl gratis pèmisis pou chak mwa**

**Pou sèvis konsomatè andeyò Etazini rele:
1-866-601-2850 (Kòlèk)**

Yo founi nimewo telefòn gratis sa a pou konvinyans ou pou mande kesyon konsènan balans kont ou ak tranzaksyon ki afiche nan kont ou an.

Kòmmanse ak Kat Visa Debi Pre-Peye Florida w la

Yo pral depoze peman w yo nan kont Kat Debi Visa Pre-peye w la. Ou pap kapab depanse plis pase montan lajan ki nan kont ou an.

Seleksyon PIN

- Avan ou itilize kat ou an, ou dwe aktive li lè w chwazi Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (PIN) ou.
- Swiv enstwiksyon ki te vini ak kat ou an pou chwazi PIN ou an.

Pou Fè yon Acha oswa Pou Jwenn Kach Bak

- Prezante kat ou lè w ap peye pou yon atik.
- Kesye an pral mande pou siyati w oswa pou rantrè PIN ou an.
- Si ou pase kat ou an swiv direksyon ki sou ekran an.
- Yo pral dedwi pri acha w lan nan kont ou an.
- Pa genyen okenn frè adisyonèl pou tranzaksyon komèsyal yo, epi ou kapab mande pou kach bak si komèsan an founi sèvis sa a.
- Rantrè montan kach la sou klavye an oswa di kachye an montan kach ou bezwen an.

Ou Kapab Pran Lajan

Pou Pran Lajan nan yon ATM

- Nan yon ATM ki afiche mak akseptans Visa an.
- Antre kat debi a epi rantrè PIN ou an.
- Peze swa bouton kont chèk oswa epay nan ATM la.
- Chwazi “Cash Withdrawal” (Retire Lajan).
- Rantrè montan kach w ap mande an epi peze “Enter”.
- Pa bliye pou pran resi w la.

Fè Acha ak Kach Bak Lè w Itilize PIN Ou

- Sou fòm kach bak pou montan ki plis pase montan acha w la nan komès ki ofri li.
- Rantrè montan kach la sou klavye an oswa di kachye an montan kach ou bezwen an.

Kach Nan yon Telè nan yon Bank

- Jwenn yon bank ki afiche mak akseptans Visa an.
- Remèt kat ou an bay ton telè epi di li montan kach ou ta renmen resewva.
- Yo kapab mande pou siyen yon resi.
- Ou genyen dwa pou resewva pou retire kach yon fwa pou gratis pou chak benefis yo depoze.

Depanse Lajan w Nan Fason Ou Vle

Yo akseptè kat debi Visa Florida an nan kote komèsyal ak nan labank ki akseptè kat debi Visa toupatou nan lemond. Ou kapab itilize kat ou an nenpòt kote ou wè logo la pou Visa, Interlink® oswa Plus®.

Kòmman pou Evite Frè yo

- Ou kapab pran lajan kach nan yon magazen kote pou achte yon bagay lè ou itilize kat ou an. Anpil magazen pap genyen okenn pwoblèm pou akomode demann pou resewva kach.
- Itilize yon fwa pou gratis pou retire lajan nan yon bank ki nan rezo a
- ATM oswa fenèt telè nan bank ki manm nan Visa.

Pri li Pral Koute Pou Sèten Tranzaksyon

- Pa genyen okenn frè pou administrasyon lajan w yo.
- Ou genyen dwa pou retire lajan an kach san limit nan ATM ki “nan-rezo” yo.
- “Nan-rezo” defini kòm ATM Bank Wells Fargo ak lokasyon rezo MoneyPass yo.
- Frè sa yo pral aplike si ou itilize lòt sèvis sa yo:

Tablo Frè pou Sèvis yo	
Notifikasyon Depo • Imèl, telefòn oswa mesaj tèks	Gratis
Acha ki fèt nan kote ki Vann-an-Detay yo (PIN oswa Siyati)	Gratis
Kach bak avèk yo acha	Gratis
Retire lajan nan ATM • Sèlman nan “lokasyon ATM nan-rezo yo” • Wells Fargo Bank ak Money Pass Lokasyon Rezo yo	Gratis
ATM rekèt pou balans nan ATM nan-rezo	Gratis
ATM deni pou ensifizans fon	Gratis
Retire kach nan ATM nan lokasyon ki pa-nan-rezo yo	\$ 2.25 pou chak tranzaksyon
ATM rekèt pou balans nan lokasyon ki pa-nan-rezo yo	\$ 0.75
Retire kach nan Bank Telè yo • Youn gratis pou chak depo nan lokasyon telè Visa yo locations • Tranzaksyon gratis ou espire chak mwa	\$ 3.00 apre ou itilize fwa gratis pou retire lajan an
IVR transfè depo (telefòn) nan yon lòt kont bankè	\$ 1.50
Tranzaksyon pou Peyè Bòdwo (Bill Pay)	\$ 0.50 chak
Aksè mansyèl atravè IVR (telefòn) oswa apèl telefonik yon operatè ede w yo • Senk (5) apèl gratis chak mwa • Tranzaksyon gratis ou espire chak mwa	\$ 0.50 chak fwa, apre ou fin itilize apèl gratis chak mwa ou yo
Premye kat yo bay la gratis • Yon ranplasan gratis nan chak peryòd benefis • Demann pou ranplasan adisyonèl yo	\$ 4.00 apre premye ranplasan an
Delivrezon ekspedye pou kat la • De (2) jou delivrezon: jou ouvab sèlman	\$ 14.50
Retrèt Kach nan ATM Intènasyonal	\$ 2.25 chak
Frè tranzaksyon entènasyonal (pou toude ATM ak tranzaksyon acha yo)	3% montan dola Ameriken pou tranzaksyon an
Fèmti kont la ki genyen lajan ki rete ladann • Chèk oswa retou/ranvèse depatman la	Gratis

Frè an plis ATM yo: Genyen kèk bank ATM ki pral aplike yon frè adisyonèl yo rele si-chaj lè ou itilize ATM yo an. Ou kapab evite frè kote ou wè logo la pou Wells Fargo Bank, MoneyPass, oswa PNC Bank:

Ou dwe toujou li mesaj ATM yo ak atansyon. Ou kapab anile si ou vle evite frè an oswa peze antre epi peye frè a.

Notifikasyon Depo pa Telefòn oswa Imèl

- Avèk kat debi w la, ou kapab chwazi pou resewva notifikasyon depo otomatize. Ou dwe pran kontak atravè IVR la (sistèm telefòn otomatize) oswa sitwèb la pou aktive pwosesis notifikasyon sa a.
- Chak fwa yon depo afiche nan kont ou an, ou pral resewva yon notifikasyon pa imèl.